



Pou Piblikasyon Imedya: 29/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LWA SOU SIPÒ POU DONATÈ KI VIVAN NAN ETA NEW YORK YO

Lejislasyon (S.1594/A.146A) prevwa ranbousman Eta a bay donatè ògàn vivan ki soti nan Eta New York pou depans ki fèt kòm rezilta don an

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te siyen lwa (S.1594/A.146A), ki mete anvigè Lwa Sipò pou Donatè ki Vivan nan Eta New York, premye pwogram eta nan peyi a ki pèmèt moun yo jwenn ranbousman pou depans don ren ak fwa yo.

"Pa gen pi gwo kado yon Nouyòkè ka bay pase kado pou sove yon lavi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Donatè ògàn vivan yo se vrè ewo, epi avèk lejislasyon sa a, nou ap pran mezi enpòtan pou sipòte sakrifis yo epi sove lavi".

Lejislasyon (S.1594/A.146A) amande lwa sou sante piblik, taks, ak sèvis sosyal pou adopte "Lwa Sipò pou Donatè ki Vivan nan Eta New York," ki t ap etabli yon pwogram pou kouvri depans siplemantè ki asosye ak don ògàn pou rezidan New York ki fè don bay yon lòt Nouyòkè. Li travay pou elimine obstak finansye ki genyen nan don ògàn yo pou redwi tan datant pou transplantasyon ògàn yo epi rezoud mank ògàn nan New York.

Lejislasyon sa a gen entansyon ede elimine obstak ki genyen nan don ògàn yo, yon fason pou fè New York leve soti nan plas ba li nan don ògàn pami eta yo. Kounye a genyen 8,569 moun ki sou [lis datant pou transplantasyon](#), 7,234 ladan yo ap tann yon ren.

Senatè Eta a, Gustavo Rivera te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen lwa mwen an, Lwa Sipò pou Donatè ki Vivan nan Eta New York la. Lè nou retire obstak finansye yo epi edike Nouyòkè yo sou don ògàn vivan yo, efò enpòtan sa a pral ede ranvèse pousantaj enskripsyon donatè ògàn yo ki ba nan New York, kote nou klase prèske kòm dènye nan nivo nasyonal la. Avèk plis asistans pou moun ki enspire pou vin donatè ògàn, mwen gen konfyans nouvo lwa sa a pral ede plis Nouyòkè pou bay ak resewa don lavi".

Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare, "Donatè ki vivan yo, tankou moun ki bay yon sèl ren, merite rekonesans ak sipò nou. Nou ta dwe pwoteje yo lè nou asire

yo kouvri pou depans medikal ak revni yo pèdi. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen lwa sa a ak defansè donasyon ògàn yo, Prezidan Asanble Heastie, Lidè Majorite Stewart-Cousins, ak esponsò Sena a Gustavo Rivera pou efò yo fè pou fè li avanse".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418